

2023 ARTIST IN RESIDENCE: FEDA EID

صنع في أمريكا (MADE IN USA)

Exhibition at Piano Craft Gallery
August 18 - 26

COMMUNITY PARTICIPATION PROJECT



Picnic, for صنع في أمريكا (Made in USA), 2022

Nou envite w pou kontribye yon pòtrè pwòp tèt ou nan kad pwojè Feda Eid صنع في أمريكا (Made in USA): *Crafted Visions*, Eliot School's 2023 Artist in Residence!

Feda Eid sèvi ak fotografi pou poze kesyon sou kisa sa vle di pou ou gen istwa nasyonal ak pèsonèl konplèks ki fè moun ou ye a. Li sèvi ak objè moun itilize chak jou nan kay pou li kreye pwòp pòtre li ki reflekte rasin li nan kilti libanè ak ameriken, ansanm ak posiblite pou kreye yon mond ki pi jis ki soti nan dezòd nou genyen jodi a.

Sèvi ak objè ou itilize nan lavi w chak jou ki konekte ak idantite kiltirèl ou yo epi ki fè w santi w lakay ou pou w kreye yon pòtre pwòp tèt ou oswa nati mò ki temwnanye de ekspresyon inik ou de tèt ou. Yon pòtre kapab gen figi w ladan l', men petèt ou kapab bay kamera a do tou. Petèt li kapab yon koleksyon objè ki reprezante ouon jan kanmenm. Ki sa ou ye? Ki sa ou kapab ye?

Soumèt foto ou a atravè fòmilè nou an anliy epi reponn kesyon sa yo:

Ki sa objè yo nan pòtre pwòp tèt ou a reprezante?

Poukisa ou chwazi mete yo ladan?

Imaj ki seleksyone yo ka parèt sou rezo sosyo Eliot School la, sou sit entènèt nou an, epi nan ekspozisyon n ap fè nan Piano Craft Gallery an Out! Dat limit pou soumisyon yo se 30 jiyè 2023 epi se 100 premye yo sèlman n ap konsidere.

